

Lakou
Kajou

Sa m wè m pa ka pale





Lakou Kajou remèsyé **SOS Villages d'Enfants Haïti** pou asistans yo nan devlope liv sa a.

Lakou Kajou
Pou timoun ka aprann
ak kè kontan
lakoukajou.ht

Konsiy pou anseyan



Pou paran, anseyan ak granmoun :

Liv sa a se pou ede timoun ki sibi yon moman difisil. Liv la ka ede timoun yo konprann jan pafwa gen bagay ki rive ki ka fè yo santi yo mal, tris, pè, chagren, fache. Konprann santiman nou pa toujou fasil. Lè gen yon move bagay ki pase, pi souvan se pa fòt timoun yo. Nou ka sèvi ak liv la pou gide yon konvèsasyon ak yon gwoup oswa yon timoun sou jan pwoblèm ka aji sou fason nou konpòte nou.



Konvèsasyon gide anvan lekti a :

1. Tit liv la se : **Sa m wè m pa ka pale.** Sou ki sa nou panse istwa sa ye ?
2. Èske gen move bagay ki konn rive timoun pafwa ?
3. Èske timoun konn ap gade pandan yon move bagay ap fèt ?
4. Ki jan move bagay sa yo fè timoun yo santi yo ?
5. Se fòt ki moun lè gen move bagay ki pase ?

Pandan m ap li liv la, ou ka leve men ou dousman si ou konn santi ou kon sa pafwa, oswa si ou te santi ou menm jan ak moun nan liv la yon fwa.



Konvèsasyon apre lekti :

1. Ki sa ou kwè ki te fè timoun nan liv la te gen pwoblèm pou l pale sou sa ki te rive a ?
2. Ki santiman timoun ki nan liv la te santi ?
3. Èske gen kèk bagay se an prive sèlman ou ka di yon granmoun ?
4. Ki sa ou ka di yon zanmi w lè gen yon move bagay ki rive li epi ou vle ede li santi l pi byen ?
5. Fè yon desen ki montre jan yon moun te santi li lè yon move bagay te rive.
6. Fè yon desen ki gen mo ou ka di yon zanmi lè ou panse li santi li pa byen oswa li tris.



Sa m wè, m pa ka pale l. Menm si m
fèmen je m, sa m wè a rete nan tèt mwen.



M pito soti al jwe deyò. M antre nan yon jwèt foutbòl. M kwè si m ap gade boul la, m ap ka bliye.




M kontan jwe pandan yon bon moman.
Men move souvni a retounen.
M pa wè boul la pase kote m.
Zanmi m fache avè m. M tris.



M pran sant yon bon legim k ap sot lakay mwen. Nou chita pou manje. Li bon nan bouch mwen men m santi vant mwen ap bouyi. M pa ka manje.



Lannuit m al kouche nan kabann mwen.
Lè m fèmen je m, sa k fè m sonje yo ankò?
M kouvri tèt mwen pou m kriye
tou dousman.




Nan lekòl la, m fatige. M mete tèt mwen sou
biwo a. Kamarad mwen dige m pou m leve.
M rele sou li epi m pouse li.



Yo voye m nan biwo direktris la. Li mande m
ki sa ki fè m pa konpòte m byen.
M pa konnen. M pa ka pale.



M al jwenn Madan Jèmèn. Li gen kèk materyèl desen. Li wè m pa ka pale.
Li di m fè desen sa mwen santi.



M fè desen bagay ki fè m fache.
M mete kèk majigridji sou figi moun yo.
M esplike Mandan Jèmèn.



Nou fèmen je nou epi kenbe men ansanm.
Nou chante ansanm.
Nou sonje tout moun ki renmen nou.



Madan Jèmèn di m tout bagay sa yo pa fòt mwen. Li aprann mwen respire. Li aprann mwen sonje tout sa ki bèl ak bon nan memwa m.



Lè m al kouche chak swa, m chante
ti chante nou an. M fèmen zye m pou m
wè bagay ki bèl ak bon. M pa pè ankò.

Sa m wè m pa ka pale

NÒT POU GRANMOUN K AP LI LIV LA

Liv sa a fêt pou paran, konseye, monitè, anseyan ka li pou timoun. Liv la ap itil pou ede timoun konprann kèk santiman yo ka genyen lè y ap sibi pwoblèm. Nan kòmansman liv la, gen yon gid pou ede nou dyaloge ak timoun yo sou santiman ak lòt pwoblèm ki ka ap toumante yo. Istwa a, ansannm ak yon konvèsayon gide a, ka pèmèt nou gen yon fason pou ede timoun pale sou tansyon ki genyen nan anviwònman yo.

Lakou Kajou remèsyé **SOS Villages d'Enfants Haïti** pou asistans yo nan devlope liv sa a.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

Blue Butterfly
Inspired by Kids. Everywhere
bbutterfly.org

Lakou Kajou
Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2023 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>